

LIS ÒDINÈ POU ELÈV

1

ANVAN LEKÒL

- Mwen pral abiye pou fè siksè kote mwen pral swiv Kòd Konduit Elèv Lekòl Piblik Collier County yo. Mayo ki genyen kole, ti mayo, e swetè ke yo aksepte.
- Mwen pral prepare kote mwen pral travay e mwen pral eseye pou m mete tout materyèl mwen prè pou aprann, enkli aparèy ke Distri a ban mwen an avèk plòg pou chaje a.
- Si mwen genyen pou m absan pou nenpòt rezon, paran/responsab mwen pral kontakte lekòl la, menm jan ak si m te genyen pou ale lekòl.

2

PANDAN LEKÒL

- Mwen pral identifye mwen anvan lekòl mwen kòmanse avèk kamera.
 - Mwen pral rann mwen vizib nan kamera e asire ekspozisyon mwen apwopriye.
 - Mwen pral fèmen odyo mwen amwenske pwofesè mwen vle pou li ouvè.
 - Mwen pral chita dwat e rete atantif pandan tout aktivite yo.
- Mwen pral angaje nan klas la e aktivman swiv direksyon pwofesè mwen anliy pandan tout peryòd la.
 - Mwen konprann ke mwen dwe swiv pwosedi patisipasyon lekòl/Distri e yo kapab mete mwen pou anreta oswa absan si mwen pa fè sa yo mande pou m fè.
- Mwen pral patisipe nan tout aktivite enkli travay avèk kondisip ke pwofesè mwen asiyen pou nou travay ansanm yo.
- Mwen pral fè pwòp travay mwen e konprann yo espere entegrite akademik tout tan.
- Mwen pral pran rekreyasyon padan lè yo pwograme pou m ale nan rekreyasyon menm jan sa ta kapab fè si mwen te nan lekòl.

3

ITILIZE TEKNOLOJI

- Mwen pral itilize aparèy ke distri eskolè a ban mwen an, limite itilizasyon devwa, rechèch, e kominikasyon ki gen rapò avèk distri eskolè a.** Mwen konprann ke Distri a kontwole TOUT aktivite ki fèt nan aparèy ke Distri a ban mwen yo.
- Mwen konprann ke se responsablite mwen pou m asire ke aparèy ke Distri a ban mwen an rete an bon kondisyon e pou mwen pa ni domaje li ni pèdi li.

4

SANTE SOSYAL, EMOSYONÈL, E MANTAL

- Mwen konprann ke adilt nan lekòl mwen an la pou ede m; mwen fè yon pati enpòtan nan kominote lekòl mwen an.
- Mwen kapab pale avèk pwofesè mwen, konseye, direktè, asistan direktè lekòl mwen an, oswa nenpòt adilt konfyans si m ta remake mwen genyen estrès oswa pwoblèm.
- Mwen pral rete janti avèk kondisip klas e adilt ki nan lekòl mwen an. Mwen kapab espere pou lòt moun janti avèk mwen tou.